BAB III
MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Nurutkeun Sukmadinata (2012: 52) métode panalungtikan téh nya éta runtuyan cara atawa kagiatan lumangsungna panalungtikan nu di dadasaran ku asumsi-asumsi, pamadegan-pamadegan filosofis jeung idiologis, patalékan, jeung isu-isu nu disanghareupan.

Dina ieu panalungtikan métode nu digunakeun nya éta métode déskriptif komparatif. Sukmadinata (2012: 79) ngajelaskeun yén métode déskriptif komparatif téh nya éta wangun panalungtikan nu ngabandingkeun dua atawa leuwih situasi, kajadian kagiatan, program jeung sajabana, nu ampir sarua. Dina ieu panalungtikan nu dibandingkeunna nya éta sakabéh unsur struktural novel *Carmad* karya Tjandrahayat jeung pilem *Boss Carmad* karya Chaerul Umam.

3.2 Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010: 172), sumber data mangrupa subjékna panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho.

Data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Carmad* karya Tjandrahayat nu diterbitkeun ku PT Mangle Panglipur taun 1984, jeung pilem *Boss Carmad* karya Chaerul Umam nu diproduksi ku PT Virgo Putra Film taun 1990. Pikeun leuwih lengkep baris dijéntrékeun ieu di handap:

1) Judul Novel : *Carmad*
   Karya : Tjandrahayat
   Kandel : 150 kaca
   Taun Terbit : 1986
   Penerbit : PT Manglé Panglipur
2) Judul Pilem : *Boss Carmad*
   Sutradara : Chaerul Umam

Penulis Sekenario : Putu Wijaya

Pamaén : Deddy Mizwar, Paramitha Rusady, Doni Damara, Rahmat Hidayat, Ibing, Ida Kusuma, Koswara Jef E, Anna Tairas.

Musik : Areng Widodo

Penyunting : Effendy Doyta

Taun Rilis : 1990

Durasi : 90 menit.

Produksi : PT Virgo Putra Film

3.3 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung "pelaksanaan" panalungtikan nepi ka pertanyaan-pertanyaan anu aya, bisa dijawab.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca novel, (2) nganalisis unsur-unsur struktural novel, (3) lalajo pilem, (4) nganalisis unsur-unsur struktural pilem, (5) ngabandingkeun hubungan unsur-unsur struktural antara novel jeung pilem, jeung (6) nganalisis bébédaan unsur-unsur struktural pilem jeung novel katut fungsina. Sangkan leuwih jéntré deui, éta léngkah-lengkah panalungtikan téh dibagankeun di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.4 Wangenan Oprasional

Nganalisis Bébedaan Fungsi Unsur-unsur struktural novel jeung pilem

Sangkan teu salah harti, dina ieu panalungtikan aya sawatara istilah nu kudu didéfinisikeun sacara operasional, nya éta:

1. Ékranisasi, prosés mindahkeun atawa ngarobah wangun novel, carpon atawa sajak kana pilem.
2. Novel *Carmad*, nya éta novel karya Tjandrahayat nu diterbitkeun taun 1988 ku PT Manglé Panglipur.
3. Tjandrahayat, sandiasma H. Oeton Mochtar, salah sahiji sastrawan Sunda.
4. Pilem *Boss Carmad*, pilem nu diproduksi ku PT Virgo Putra Film, disutradaraan ku Chaerul Umam, sedengkeun nu nulis skenariona Putu Wijaya. Dina Festival Film Indonesia taun 1991, ieu pilem teh meunang sawatara nominasi keur Peran Utama Wanita, Penata Musik Terbaik, jeung Penata Suara Terbaik. Tur meunang Piala Citra pikeun Pemeran Pendukung Pria Terbaik nu harita dimaénkeun ku Rachmat Hidayat
5. Chaerul Umam, salah saurang sutradara Indonesia nu mibanda prestasi nasional jeung internasional.

Jadi, sacara operasional ieu panalungtikan anu judulna *"Ékranisasi novel Carmad karya Tjandrahayat kana pilem Boss Carmad karya Chaerul Umam, Ulikan Struktural"* téh maksudna nalungtik novel *Carmad* nu diékranisasi jadi pilem *Boss Carmad*, ngadeskripsikeun unsur-unsur strukturalna, ngadeskripsikeun hubungan antarstrukturalna, ngadeskripsikeun perubahan unsur-unsur struktural jeung fungsina.

3.5 Instrumen Panalungtikan

tabél ...

No	Novel	Pilem	Katerangan
			• Ngaheureutan/ngurangan • Nambahan

			• Robah variasi

Bahasan .....

Gambar...

Bahasan....

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2010: 274) téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catétan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulén rapat, lengger, agénda, jeung sajabana. Data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Carmad* karya Tjandrahayat jeung pilem *Boss Carmad* karya Chaerul Umam.

Dumasar téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

1. Maca sagemblengna novel *Carmad* karya Tjandrahayat;
2. Nganalisis unsur-unsur struktural nu aya dina novel *Carmad*;
3. Lalajo sagemblengna pilem *Boss Carmad* karya Chaerul Umam;
4. Nganalisis unsur-unsur struktural nu aya dina pilem *Boss Carmad.*

3.7 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah garapan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

1. Nangtukeun sumber panalungtikan;
2. Maca sakabéh data;
3. Lalajo pilem;
4. Nganalisis tur ngadéskripsikeun struktur novel *Carmad* karya Tjandrahayat jeung pilem *Boss Carmad* karya Chaerul Umam, ngadeskripsikeun unsur-unsur struktural novel jeung pilemna, ngadeskripsikeun parobahan jeung fungsi struktur unsur-unsur novel *Carmad* jeung pilem *Boss Carmad*;
5. Nyusun laporan panalungtikan, nu disusun dina wangun tesis.